

Sa Lokatè yo dwe Konnen sou Alèjèn Andedan Kay (Lwa Lokal 55 ane 2018)

Alèjèn yo se bagay nan anviwònman an ki fè kalite lè andedan kay yo vin pi mal. Yo ka deklanche yon kriz opresyon oswa fè sentòm opresyon yo vin pi mal. Alèjèn andedan kay ki deklanche opresyon nou wè pi souvan yo gen ladan ravèt ak sourit; mwazisi, ak pwodwi chimik ki gen gwo sant, tankou kèk pwodwi pou netwaye kay. Kondisyon anviwònman ak estrikti kay la, tankou kote ki koule oswa ki fann yo jwenn souvan nan kay yo pa jere byen yo, ka genyen plis alèjèn.

Lwa Vil New York egzije pou tout pwopriyetè fè demach pou kenbe kay yo san tibèt nwizib tankou ravèt ak sourit, ak mwazisi. Sa gen ladan repare pwoblèm yo ki lakòz pwoblèm sa yo. Lokatè yo jwe yon wòl tou pou evite gen alèjèn andedan kay yo.

LOKATÈ YO DWE:



Kenbe kay yo pwòp ak sèch.



Evite itilize pwazon pou touye tibèt nwizib ak pwodwi chimik ki gen gwo sant (tankou pwodwi pou netwaye kay, flit pou fè kay santi bon, elatriye).



Mete manje yo nan veso ki kouvri. Kenbe kontwa ak lavabo yo pwòp. Jete bagay nou pa bezwen tankou journal ak sache plastik.



Di pwopriyetè a oswa moun ki responsab bilding lan (ki rele sipèntandan an tou) touswit si gen tibèt nwizib, dlo k ap koule, kote ki gen twou oswa fann nan mi a ak plafon an.



Sèvi ak poubèl ak kouvèk ki byen sere.



Kit manm pèsònèl bilding lan antre pou fè nenpòt reparasyon ki nesèsè.



Mete fatra ak pwodwi pou resikle yo deyò chak jou, epi mare sachè poubèl yo avan ou mete yo nan konpaktè pou jete fatra yo.



Rele **311** si pwopriyete oswa sipèntandan a pa repare pwoblèm nan oswa si yo pa fè travay reparasyon yo san danje.

Si ou se yon lokatè epi oumenm oswa pitit ou gen opresyon modere oswa grav ki pèsiste, epi gen tibèt nwizib oswa mwazisi nan kay ou, doktè ou ka mande yon enspeksyon anviwònman gratis lakay ou pou ou nan Rejis Sou Entènèt Depatman Sante Vil New York la. Pale ak doktè ou oswa rele **311 pou jwenn plis enfòmasyon.**

Pou jwenn plis enfòmasyon sou responsablite pwopriyetè a ak fason pou rezoud pwoblèm alèjèn san danje, gade do feyè enfòmasyon sa a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou kontwole opresyon san danje, ale sou sitwèb [nyc.gov/health/asthma](https://www.nyc.gov/health/asthma).

Kisa pwopriyetè yo dwe fè pou kenbe kay yo san tibèt nwizib ak mwezisi

Lwa Vil New York egzije pou tout pwopriyetè bilding prive ki gen twa (3) oswa plis apatman pou kenbe kay lokatè yo san tibèt nwizib ak mwazisi. Lwa a aplike tou pou pwopriyetè inite lojman yo (tankou koperativ, kondò, abri oswa lojman piblik) kote yon lokatè gen opresyon. Sa gen ladan repare kondisyon ki lakòz pwoblèm sa yo.



Tout pwopriyetè dwe sèvi ak pratik jesyon bèt entegre (integrated pest management, IPM) san danje pou kontwole tibèt nwizib ak rezoud pwoblèm nan bilding lan ki ka lakòz pwoblèm ak tibèt sa yo.

- Retire nich tibèt nwizib yo epi netwaye pou pou yo ak lòt debri byen netwaye ak yon vakyòm yon vakyòm anpil efikasite kont patikil (High-Efficiency Particulate Air, HEPA). Fè yon jan pou w pa gaye pousyè lè w ap netwaye.
- Repare epi bouche nenpòt ki twou, espas vid, oswa kote ki fann nan mi, plafon, planche, mwezi, baz, bò tiyo ak kondwit, ak otou ak nan kabinèt.
- Bare tout pòt ki mennen nan koulwa, sousòl, oswa deyò.
- Repare drenaj, tiyo, ak lòt materyo plonbri pou retire tout sous pou tibèt nwizib yo.
- Pa itilize pwazon pou touye tibèt nwizib yo twòp. Si ou oblije itilize pwazon pou touye tibèt nwizib pou regle yon vyolasyon, ou ta dwe itilize yon pwofesyonèl ki gen lisans Depatman Pwoteksyon Anviwònman Eta New York.



Tout pwopriyetè dwe retire mwazi andedan kay la epi rezoud pwoblèm ki lakòz mwazi.

- Retire tout dlo ki chita, epi repare kote k ap koule oswa pwoblèm imidite.
- Retire mèb yo nan zòn travay yo oswa kouvri yo avèk fèy plastik anvan ou netwaye yo.
- Fè yon jan pou w pa gaye pousyè. Itilize metòd tankou bouche ouvèti (pa egzanp, pòt, kannal vantilasyon) ak flite yon ti dlo kote ki gen mwazisi a ak dlo ak savon oswa fab avan ou netwaye li.
- Netwaye zòn ki kanni yo avèk dlo ak savon oswa yon ti fab. Siye zòn nan pou netwaye li nèt.
- Netwaye nenpòt pousyè vizib nan espas travay la ak mòp mouye oswa vakyòm HEPA.
- Jete tout fatra ki rete apre ou fin netwaye nan gwo sache plastik epi sere yo yen sere.
- Pou netwaye 10 oswa plis pye kare mwazi nan yon bilding ki gen 10 oswa plis apatman, mèt pwopriyetè yo **dwe** anboche yon evalyatè mwazi ak remedyatè ki gen lisans Depatman Travay Eta New York. Travay ak lisans yo dwe konfòme yo ak Kòd Administratif 24-154 Vil New York ak Lwa Travay Eta New York Atik 32.



Pwopriyetè nan bilding prive ki gen twa (3) oswa plis apatman dwe tou:

Enspekte chak apatman ak zòn tout moun frekante nan bilding lan pou detekte ravèt ak rat, mwazisi ak kondisyon ki lakòz danje sa yo, omwen yon (1) fwa chak ane epi pi souvan si sa nesèsè. Reponn plent lokatè oswa demann pou yon enspeksyon.

- **Bay yon kopi feyè enfòmasyon sa a** ak yon avi ak kontra lokasyon bay chak lokatè ki di byen klè responsablite pwopriyetè a ak lokatè a pou kenbe bilding lan san alèjèn andedan kay la.
- Asire w apatman ki vid yo byen netwaye ak **san tibèt nwizib ak mwazi anvan** yon lokatè demenaje ladan.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou responsablite yo ak fason pou rezoud pwoblèm alèjèn san danje, al gade nan nyc.gov/hpd epi chèche “**indoor allergen hazards**” (danje alèjèn andedan kay).